# New Jersey
# Aplikasyon pou Anrejistreman Elektè

68

*Tanpri ekri enfòmasyon yo klè ak yon plim. Tout enfòmasyon yo obligatwa sòf si li make ke yo pa obligatwa.*

**FOR OFFICIAL USE ONLY**
Clerk
Registration #
Office Time Stamp
☐ by mail
☐ in person
Muni Code #
Party
Ward
District

**1** Tcheke tout kare ki aplike nan ka pa w la: ☐ Nouvo Anrejistreman ☐ Chanjman Non ☐ Afilyasyon Pati Politik ☐ Chanjman Adrès ☐ Mizajou Siyati ☐ Vòt Pa Lapòs

**2** Èske ou se yon Sitwayen Ameriken? ☐ Wi ☐ Non *(Si se Non, PA ranpli fòm sa a)*

**3** Èske ou gen pou pi piti 17 lane? ☐ Wi ☐ Non *(Si se Non, PA ranpli fòm sa a)*

**4** Siyati | Prenon | Dezyèm Prenon oswa Inisyal | Sifiks *(Jr., Sr., III)*

**5** Dat Nesans *(MM / JJ / AAAA)* ___ / ___ / ___

**6** Sèks ***(Pa obligatwa)*** ☐ Fi ☐ Gason

**7** Nimewo Lisans Chofè NJ oswa Nimewo Pyès Idantifikasyon (ID) MVC pou moun ki pa Chofè

Si ou PA gen yon Lisans Chofè NJ oswa yon Pyès Idantifikasyon (ID) MVC pou moun ki pa Chofè, ekri 4 denyè chif Nimewo Sekirite Sosyal ou ___ ___ ___ ___

☐ "Mwen sèmante oswa mwen deklare mwen PA gen yon Lisans Chofè NJ, ni yon Pyès Idantifikasyon (ID) MVC pou moun ki pa Chofè, ni yon Nimewo Sekirite Sosyal."

| | Nimewo Apatman | Minisipalite *(Vil/Vilaj)* | Konte | Eta | Kòd Postal |
|---|---|---|---|---|---|
| **8** Adrès Kay la *(PA bay yon Bwat Postal)* | | | | | |
| **9** Adrès Postal *(Si li pa menm ak Adrès Kay la)* | | | | | |
| **10** Dènye Adrès ou te Anrejistre pou Vote a *(PA bay yon Bwat Postal)* | | | | | |

**11** Ansyen Non si Gen Chanjman Non

**12** Nimewo Telefòn pandan Lajounen ***(Pa obligatwa)*** ____________

Adrès Imèl ***(Pa obligatwa)*** ____________

**13** Èske ou ta renmen di ak ki pati politik ou afilye? ***(Pa obligatwa)***
☐ Wi, non pati a se ____________ .
☐ Non, mwen pa ta renmen afilye ak okenn pati politik.

**14** Demann pou Bilten Vòt Pa Lapòs pou tout pwochen eleksyon yo ***(Pa obligatwa)***
☐ Mwen ta renmen resevwa yon Bilten Vòt Pa Lapòs pou tout pwochen eleksyon yo jiskaske mwen ta di mwen pa vle sa ankò nan yon lèt bay biwo Grefye Konte (County Clerk) la.
☐ Voye bilten vòt mwen nan adrès anba a si li pa menm ak Adrès Postal ki ekri pi wo a.

| Adrès Postal si li pa menm ak sa ki anwo a | Nimewo Apatman | Minisipalite *(Vil/Vilaj)* | Eta | Kòd Postal |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

**Deklarasyon -** Mwen sèmante oswa mwen deklare:
- Mwen se yon Sitwayen Ameriken
- Mwen abite nan adrès kay mwen ekri pi wo a
- Mwen gen pou pi piti 17 lane epi mwen konprann mwen gen dwa pa ka vote toutotan mwen poko gen laj 18 lane
- Distans pou lè pwochen eleksyon an rive, m ap gentan gen omwen 30 jou depi m ap viv nan Eta a epi nan Konte a
- Mwen pa an libète kondisyonèl, mwen pa sou pwobasyon ni mwen pa nan prizon akòz yon kondanasyon pou yon zak kriminèl lalwa federal oubyen lalwa eta a kapab mennen mwen lajistis pou sa
- Mwen konprann nenpòt anrejistreman ki fo oswa ki fèt nan fwòd kapab fè yo fè mwen peye amann ki ka rive $15,000, mwen ka pran jiska 5 an prizon, oswa toulède selon R.S. 19:34-1

Siyati Moun k ap Enskri a: Siyen oswa fè yon kwa epi ekri dat la nan liy ki anba a

**x** ______________________ Dat ___ / ___ / ___ *(MM / JJ / AAAA)*

Si moun k ap fè demann nan pa kapab ranpli fòm sa a, ekri non avèk lèt detache ak adrès moun ki ranpli fòm nan.

Non ____________

Dat *(MM / JJ / AAAA)* ___ / ___ / ___

Adrès ____________

## Enstriksyon enpòtan pou seksyon 7, 8, 13 ak 14

7) Moun k ap voye fòm sa a pa lapòs epi k ap anrejistre pou vote pou premye fwa: Si ou pa bay okenn nan enfòmasyon yo mande nan seksyon 7 la, oswa si yo pa ka verifye enfòmasyon ou bay yo, y ap mande ou pou bay yon KOPI yon pyès idantite ak foto ki pa ekspire epi ki valid, oswa yon dokiman ki gen non ou ak adrès kote w ap viv kounye a pou evite bezwen pou w bay yon pyès idantite nan biwo vòt la. **Nòt:** *Nimewo Idantifikasyon (ID) yo Konfidansyèl epi yo p ap pataje yo ak okenn ajans gouvènman an. Nenpòt moun k ap sèvi ak nimewo sa yo yon fason ki pa legal kapab jwenn sanksyon penal.*

8) Si ou se yon sanzabri, ou kapab mete nan seksyon 8 la yon adrès yo ka kontakte ou oubyen adrès kote ou pase plis tan.

13) Ou gen dwa deklare yon afilyasyon nan yon pati politik oswa ou gen dwa deklare ou pa gen okenn afilyasyon, kèlkeswa afilyasyon ou te gen anvan. Si ou se yon elektè afilye ki ta vle chanje afilyasyon pati politik oubyen ki pa ta vle afilye ankò, ou dwe ranpli fòm sa a pa pita pase 55 jou anvan eleksyon primè yo pou ka vote nan eleksyon primè a. Li PA OBLIGATWA pou ranpli seksyon 13 la epi sa p ap gen okenn enpak sou si y ap aksepte aplikasyon anrejistreman elektè w la oswa si yo p ap aksepte l.

14) Si ou ta renmen resevwa yon Bilten Vòt Pa Lapòs pou tout pwochen eleksyon yo, tcheke ti kare ki apwopriye a nan seksyon 14 la. Ou pral kontinye resevwa Bilten Vòt Pa Lapòs pou tout pwochen eleksyon yo jiskaske ou ta di ou pa vle sa ankò nan yon lèt bay biwo Grefye Konte (County Clerk) la.

## Èske ou Bezwen Plis Enfòmasyon? Tcheke ti kare anba yo si ou ta vle resevwa plis enfòmasyon sou:

☐ vòt pa lapòs ☐ aksè a biwo vòt ☐ kijan pou vote si ou gen yon andikap, avèk tou si ou pa wè byen
☐ travay nan yon biwo vòt ☐ jwenn enfòmasyon sou eleksyon nan lòt lang sa a: ____________

# New Jersey
# Enfòmasyon pou Anrejistreman Elektè

## Ou kapab anrejistre pou vote si:

- Ou se yon Sitwayen Ameriken.
- Ou gen pou pi piti 17 lane.*
- W ap yon rezidan nan Eta a epi nan konte a 30 jou avan eleksyon an.
- Ou **PA** aktyèlman nan prizon, an pwobasyon oswa an libète kondisyonèl poutèt yon kondanasyon kriminèl.

**Ou kapab anrejistre pou vote si ou gen pou pi piti 17 lane men ou p ap ka vote toutotan ou pa gen laj 18 lane.*

## Dat Limit pou Anrejistre: 21 jou anvan yon eleksyon

Komisyonè Konte w la ki okipe Anrejistreman yo ap fè ou konnen si yo aksepte aplikasyon w lan.
Si yo pa aksepte l, y ap fè ou konnen kijan pou konplete epi/oswa kijan pou korije aplikasyon an.

**Kesyon? Ale sou sit Elections.NJ.gov la oswa rele nimewo gratis la nan 1-877-NJVOTER** (1-877-658-6837)

**1** PLIYE

NO POSTAGE NECESSARY IF MAILED IN THE UNITED STATES

**BUSINESS REPLY MAIL**
FIRST-CLASS MAIL PERMIT NO. 206 TRENTON, NJ

POSTAGE WILL BE PAID BY ADDRESSEE

DIVISION OF ELECTIONS
PO BOX 304
TRENTON NJ 08625-9983

**2** PLIYE

**Enpòtan:** Enprime dokiman an a 100%. PA REDWI LI. Pliye li jan ou wè l nan desen an pou li pase nan lapòs san pwoblèm.



Mete toude paj yo ansanm jan yo montre l la

**1** pliye pati anlè a desann

**2** pliye pati anba a monte

**3** Tepe pati anlè a pou li fèmen

**3** TEPE LA A